

# Kont MyACCESS

Paj koneksyon pòtay sèvis lib:

<https://www.myflorida.com/accessflorida>

Manm yo ka chanje adrès yo nan kont MyACCESS yo a si li te konekte avèk dosye yo. Chanjman nan adrès pa disponib pou kont tanporè yo (ki poko konekte avèk yon dosye).

Trè byento pral gen plizyè videyo pratik ki eksplike tout aspè yo pou kont MyACCESS lan ak pòtay sèvis lib lan pou manm yo. Videyo yo disponib an Anglè, Panyòl ak Kreyòl. Manm yo ka gade sa yo si yo gen pwoblèm avèk nenpòt pati nan pwosesis la.

Konekte.

Si manm yo pa konnen ID itilizatè yo oswa Modpas yo, yo ka chwazi lyen Bliye ID oswa Bliye Modpas yo. Si yo pa konnen ni youn ni lòt, yo dwe rekipere ID a anvan, apre sa Modpas la. Remak: manm yo ka rekipere ID yo ak chanje modpas yo tou nan Asistan Vityèl la.

Apre yo fin konekte, sistèm lan pral mande yon verifikasyon adrès.

Manm lan dwe chwazi tou yon metòd pou livre avi a.

Si yo chanje metòd livrezon avi yo a, paj la ap agrandi pou pèmèt modifikasyon an.

**Sa se PA chanjman adrès la.**

Apati paj Rezime Avantaj la. Chwazi “Rapòte Chanjman Mwen yo”.

Chwazi “Adrès, imèl, oswa nimewo telefòn ou te chanje”.

Fè lekti epi aksepte Dwa ak Responsablite yo.

Fè lekti epi aksepte deklarasyon HIPAA a.

Non, adrès, ak enfòmasyon kontak nou genyen nan dosye a twouve yo adwat, espas pou modifiye enfòmasyon yo twouve yo agoch.

Modifiye sèlman sa ki chanje.

Pa modifiye anyen ki menm bagay.

Fini ak etap validasyon adrès pou nouvo adrès la.

Yon rezime chanjman yo ap afiche.

Manm yo ka revize enfòmasyon yo soumèt yo oswa klike sou “Swivan” pou kontinye.

Reponn kesyon sou Sèvis Rabè Telefòn lan.



Yon lòt paj Rezime ap parèt.

Paj sa a ofri lòt kalite chanjman ki ta ka ajoute nan moman sa a.

Si manm lan pa gen okenn lòt chanjman, li ka glise desann nan pati anba a epi klike sou “Swivan”.

Fè lekti epi aksepte Deklarasyon Konpreyansyon an.

Genyen apre sa yon ankadre pou kòmantè ki pa obligatwa.  
Mete yon kòmantè oswa klike sou “Swivan”.

Modifye preferans Enskripsyon Votè yo epi klike sou “Siyen Kounye a” nan pati anba a.

manm yo ka enprime yon rezime oswa mande yon konfimasyon nan imèl.

“Aplikasyon Fini” ap parèt lè pwosesis la fini.

Remak: Lè yo rapòte yon chanjman, se PA yon aplikasyon pou avantaj yo.

Nenpòt chanjman ki rapòte pral sèlman afekte avantaj ouvè ki egziste deja yo, li p ap ajoute nouvo avantaj.

**Ajan yo disponib 7am jiska 6pm Lendi  
jiska Vandredi**

**1-886-762-2237**

**oswa**

**850-300-433**

---

**Relè Florid 711 oswa**

**TTY 1-800-955-8771**